



Pou Piblikasyon Imedya: 11/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYISANS NAN  
LAPOLIS ETA A LÒD POU YO EDE NAN KAD ANKÈT SOU YON ATAK  
ANTI-SEMIT LEKÒL SEGONDÈ BROOKLYN LAN**

"Mwen konstène akòz rapò sou yon kwa game (swastika) ak mesaj 'Touye Tout Jwif (Kill All Jews)' yo jwenn ki ekri sou mi Lekòl Segondè Teknoloji Brooklyn lan (Brooklyn Tech High School).

Sa se New York, epi nou genyen absoliman zewo tolerans pou kalite zak entolerans ak egoyis sa yo. Lè ou atake youn nan nou, ou atake nou tout, epi nou ap rete ini avèk kominote Jwif la pou kondane zak ilegal sa yo epi eradike kansè rayisans sa a.

Mwen ap pase Fòs Entèvansyon kont Krim Rayizans nan Lapolis Eta a enstriksyon pou li ede NYPD la nan ankèt li a pou garanti ke moun ki responsab zak detestab sa a peye konsekans yo nan tout mezi lalwa pèmèt. Rasis, anti-Semitis ak lòt fòm entolerans repiyan pa rapò ak prensip New York yo. Nou ap defann nou chak fwa yo montre tèt lèd yo a, epi nou ap genyen paske nou gen rezon epi nou konnen ke divèsite se pi gwo fòs, epi li toujou rete sa".

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)